Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
Средняя общеобразовательная школа №22 г. Владикавказ
имени полного кавалера ордена Славы Коняева В.М.

**УТВЕРЖДЕНА**
**приказом МБОУ СОШ № 22**
**от «31» августа 2022 года №50**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**родной язык (влад.гр.)**
предмет
**7**
классы
**базовый**
**уровень**

Составитель: Багаева В.В.
учитель родного языка и литературы

г. Владикавказ – 2022

**Æмбарынгæнæн фыстæг**

**ФПАС-ы бындурыл 7-æм къæсты ирон æвзаджы кусæн программæ**

## 1. «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны предметон фæстиуджытæ

Стандарты домæнтæм гæсгæ скъоладзаутæм хъуамæ уа бæлвырд зонындзинæдтæ ирон æвзагæй. Иумæйагæй ион æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты:

*Предметонтæ:*

1. Ирон æвзаджы курсы мидис 5–9-æм къæсты æнгом баст у ахуыры хæстимæ. Уый домы, цæмæй ахуырдзаутæ фаг зонындзинæдтæ райсой æвзаджы æппæт хæйттæй дæр: фонетикæ, орфоэпи, лексикæ, фразеологи, морфемикæ, морфологи, синтаксис, стилистикæ æмæ ныхасы культурæйæ; зоной мадæлон æвзаджы ахадындзинад, йæ ахуыр кæныны истори, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ; æвзаджы фысгæ æмæ дзургæ формæтæ, баст ныхас цавæр у æмæ, йæ рæзын кæныны куыст цы æмбарынæдтыл æнцой кæны, уый æ. а. д.

2. 9-æм къласы кæрон ахуырдзаутæ хъуамæ арæхсой:

– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;

- алыхуызон вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ, тексты мидис æмæ стилистикон ахуырстмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ раст аразынмæ;

- тексты стиль æмæ функционалон хуыз иртасынмæ;

- литературон æвзаджы нормæтæм хъус даргæйæ, хи ныхас аразын.

*Орфографийæ:* Орфографи æмæ морфологийы фæрстытæ хуыздæр бамбарыны тыххæй скъоладзаутæ хъуамæ раздæр базоной дзырдты мырон конд, мырты ивынад, ома фонетикæйы фæрстытæ.
Æнæ рæдыдæй фыссынæн стыр æххуыс у дзырдты арæзт зонын. Дзырдарæзты фæрстытыл æнцой кæнын хъæуы, ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ дæр. Æргом здахын хъæуы дзырдæн йæ уидаг, фæсæфтуан æмæ кæрон агурынмæ, æмуидаг дзырдтæ хъуыды кæнынмæ.

*Пунктуацийæ.* Хъуыдыйæдты хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын, 5-9 къæсты пунктуацион æгъдæуттæй пайда кæнынæ арæхсын, пунктуацион рæдыдтытæ ссарын, раст сæ кæнын; хъуыдыйад пунктуацион æвзæрст кæнын.

*Орфографийæ.* Рацыд орфограммæ ссарын зонын, цы дзырды æмбæлы, уый раст фыссын; дзырды растфыссынад бацамонын; орфографион рæдыд ссарын, бацамонын æй; дзырды орфографион анализ; 5-9 къæсты цы раиртæстытимæ базонгæ сты, уыдон зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

*Ныхасы рæзтæй.* Ныхасы алыхуызон стильтæ æмæ хуызтæм гæсгæ текстты аразын; текст кæронмæ фыссын; дыгурон диалектыл фыст текстты мидис æмбарын кæнын; тексты стиль бæрæг кæнын; текстæн конспект, тезистæ, рецензи фыссын; литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразын; сочиненитæ фыссын публицистикон темæйыл; хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссын; сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнын; диалогтæ аразын; тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурын æмæ сæ раст кæнын.

***7-æм къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ предметæй***

*Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:*

– 7-æм къласы ирон æвзаджы грамматикæйæ цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
– ирон æвзаджы лексикæйы дих: æппæтадæмон дзырдтæ, бындурон ирон дзырдтæ æмæ æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ æ. æнд;
– дзырдарæзты сæйраг мадзæлттæ;
– номдартæ æмæ миногонты дзырдарæзт;
– вазыгджын дзырдтæ æмæ цыбыргонд вазыгджын дзырдты растфыссынад;
– ирон нымады хуызтæ;
– нымæцонты дих сæ арæзтмæ æмæ сæ нысаниуæгмæ гæсгæ, сæ тасындзæг;
– номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ æмæ сæ амындмæ гæсгæ, сæ тасындзæг;
– хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджыты арæзт;
– мивдисæджы æбæлвырд формæ;
– мивдисæджы разæфтуантæ;
– мивдисджыты здæхæнтæ (иумæйаг æмбарынад); фæдзæхстон здæхæн;
– ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ;
– рацыд ныхасы хæйтты растфыссынад;
– ныхасы хæйтты синтаксисон хæстæ.

*Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:*

– дзырдтæ æмæ фразеологизмты алы хуызтæй пайда кæнынмæ;
– дзырдты орфограммæтæ агурын æмæ æмбарын кæнынмæ;
– цы орфограммæтæ сахуыр кодтой, уыдон зæрдыл даргæйæ, æнæ рæдыдæй дзырдуатон æмæ контролон диктанттæ, сочиненитæ æмæ изложенитæ фыссынмæ;
– текстæй (ныхасæй) хатдзæгтæ кæнынмæ;
– вазыгджын æмæ цыбыргонд вазыгджын дзырдтæ аразынмæ;
– дзырдтæ фонетикон, морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнынмæ;
– рацыд ныхасы хæйттæ морфологион æвзæрст кæнынмæ;
– ирон нымады хуызтæй пайда кæнынмæ;
– нымæцонтæ æмæ номивджытæ тасындзæг кæнынмæ;
– мивдисджытæ фæдзæхстон здæхæны ифтындзæг кæнынмæ;
– мивдисæджы нырыккон афоны формæйæ ивгъуыд æмæ суинаг афонты бæсты пайда кæнынмæ;
– рацыд ныхасы хæйтты синтаксисон хæстæ бæрæг кæнынмæ;
– дзырдбæстытæ, хъуыдыйæдтæ, тексттæ аразынмæ;
– диалоджы архайынмæ;
– текст йæ райдайæнмæ гæсгæ кæронмæ хæццæ кæнынмæ;
– текстæн йæ темæ æмæ йæ сæйраг хъуыды бæрæг кæнынмæ;
– тексты аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ агурынмæ æмæ сæ пайда кæнынмæ;
– текст абзацтыл дих кæнынмæ;
– текстæн пълан аразынмæ;
– текст хи ныхæстæй дзурынмæ;
– докладтæ, рефераттæ æмæ цыбыр хъусынгæнинæгтæ цæттæ кæнынмæ;
– цыбыр тексттæ ирон æвзагæй уырыссагмæ тæлмац кæнынмæ;
– алыхуызон грамматикон хъæзтыты архайынмæ;
– æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрынмæ æмæ сæ æмбарын кæнынмæ;
– дзырдуæттæй пайда кæнынмæ.

**Тематикон пълан 7- æм къл. (къуыри 1,5 сах., æдæппæтæй 51 сах., уыдонæй 4 сах. – контролон куыстытæ)**

**Тематикон пълан 7- æм къл. (къуыри 1,5 сах., æдæппæтæй 51 сах., уыдонæй 5 сах. – контролон куыстытæ)**

| **Урочы номыр** | **Темæ** | **Урочы мидис** | **Скъоладзауты архайды хуызты характеристикæ** |
|---|---|---|---|
| **5-6 кълæсты рацыд æрмæг фæлхат кæнын** (5 сах.) | | | |
| 1. | Фонетикæ | *Фæлхат кæнын*<br>Дамгъуат. Мырты дихад хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтыл. Хъæлæсонты дихад лæмæгъ æмæ тыхджын хъæлæсонтыл. Цавды æгъдæуттæ ирон æвзаджы. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. Хицæн дзырдты дих уæнгтыл. | Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мырты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Дзырдтæ алфавитон уагмæ гæсгæ фыссын.<br>Дзырдтæ æмæ дзырдты къордтыл цавд æвæрын.<br>Дзырды аразæг хæйттæ хицæн кæнын. Дзырдтæ уæнгтыл дих кæнын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквивалентты кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон æвзаг**<br>Скъуыддзаг Нигеры уац «Къоста æмæ ирон дзырд»-æй. | Наукон-популярон текст кæсын.<br>Тексты мидисыл ныхас кæнын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Мадæлон æвзагмæ хи цæстæнгас æвдисын. |
| 2. | Номдар | *Фæлхат кæнын*<br>Номдары грамматикон нысаниуæг.<br>Сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартæ.<br>Конкретон æмæ иппæрдон номдартæ.<br>Æмбырдон номдартæ.<br>Номдарты дзырдарæзт. Номдарты нымæц.<br>Номдарты тасындзæг. Номдарты синтаксисон функцитæ. Номдар æвзарыны фæтк. Мырты ивынад, номдарты бирæон нымæц аразгæйæ.<br>Номдарты растфыссынад. | Номдары тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Сæрмагонд, иумæйаг, конкретон, иппæрдон æмæ æмбырдон номдартæ иртасын.<br>Вазыгджын æмæ цыбыргонд вазыгджын номдартæ аразын.<br>Номдартæн фонетикон, морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын.<br>Номдарты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт* | Аивадон текст кæсын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **Ирон æвзаг**<br>Текст «Мадæлон æвзаг» – Цгъойты Х. уацæй скъуыддзаг. | Тексты мидисыл ныхас кæнын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Мадæлон æвзагмæ хи цæстæнгас æвдисын. |
| 3. | Миногон | *Фæлхат кæнын*<br>Миногон куыд ныхасы хай.<br>Миногонты функцитæ хъуыдыйады.<br>Миниуæгæвдисæг миногонтæ. Ахастæвдисæг миногонтæ. Бæрцбарæнтæ. Миногонты дзырдарæзт.<br>Миногонты синтаксисон функцитæ.<br>Миногон æвзарыны фæтк.<br>Мырты ивынад миногонтæ фæсæфтуанты руаджы аразгæйæ.<br>Цавды бынат дзырдбæстыты. | Миногонты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Дзырдтæй миногонтæ аразын.<br>Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ хицæн кæнын.<br>Миногонты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Тексты алыхуызон дзырдты къордтæ агурын æмæ сыл цавд æвæрын.<br>Миногонтæн фонетикон, морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мысæм сæрды каникултæ**<br>Текст «Сау денджыз» - скъуыддзаг Мæрзойты Сергейы радзырд «Космонавтты чысыл хæлар»-æй. | Аивадон текст кæсын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Тексты мидисыл ныхас кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Монологон ныхасы миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, сæрдыгон фæлладуагъды тыххæй ныхас кæнын. |
| 4. | Нымæцон | *Фæлхат кæнын*<br>Нымæцон куыд ныхасы хай.<br>Нымæцонты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ.<br>Нымæцонты дих сæ арæзтмæ гæсгæ.<br>Ирон нымады хуызтæ.Нымæцонты растфыссынад. Нымæцон æвзарыны фæтк.<br>Ӕрхæцæн нысæнттæ таурæгъон, фарстон хъарон хъуыдыйæдты. | Нымæцонты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Нымæцонты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Ирон нымады дыууæ хуызæй пайда кæнын.<br>Нымæцонтæн фонетикон, морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мысæм сæрды каникултæ**<br>Цыбыр текст-фыстæг нымæцонтимæ.* | Текст кæсын. Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Сæргæндты хуызы тексты пълан аразын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, нымæцонтæй пайдагæнгæйæ хи тыххæй дзурын. |
| 5. | Номивæг | *Фæлхат кæнын*<br>Номивæг куыд ныхасы хай. Номивджыты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ. Номивджыты тасындзæг. Номивджыты синтаксион функцитæ. Номивæг æвзарыны фæтк.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. | Номивджыты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын цухгонд бынæтты хъæугæ номивджытæ æвæргæйæ.<br>Номивджытæн фонетикон æмæ морфологион æвзæрст кæнын.<br>Номивджыты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æппæты фæрнджындæр фæндаг – адæмимæ хæларæй цæрын**<br>Скъуыддзаг журнал «Ногдзау»-æй. | Аивадон текст кæсын.<br>Текстæн сæргонд хъуыды кæнын. Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Фæрстыты хуызы тексты пълан кæнын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, хи дарыны уагыл ныхас кæнын. |
| **МОРФОЛОГИ** (43 сах.) | | | |
| **Мивдисæг (13 сах.)** | | | |
| 6. | Мивдисæг | *Фæлхат кæнын*<br>Иумæйаг æмбарынад мивдисæджы тыххæй.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ.<br>Мивдисджыты разæфтуанты нысаниуджытæ.<br>Мивдисджыты растфыссынад. | Мивдисджыты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Мивдисджыты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Мивдисджытæн фонетикон, морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Алцы зонын дæр хорз у**<br>Скъуыддзаг текст«Фыссынады хæрзгæнджытæ»-йæ журнал «Ногдзау»-æй. | Нывтæм гæсгæ, тексты ныхас цæуыл цæудзæн, уый бæрæг кæнын.<br>Текст кæсын.<br>Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Текст мидисон хæйттыл дих кæнын æмæ сын фæрстытæй сæргæндтæ хъуыды кæнын.<br>Диалогон ныхасы миниуджытæ бæрæг кæнын æмæ диалог аразын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. |
| 7. | Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджытæ | Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты нысаниуджытæ.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты хицæндзинæдтæ.<br>Æмкъай цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджытæ. | Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты сæ бындурты хъæлæсонтæм гæсгæ хицæн кæнын.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты сæ уидаджы хъæлæсонтæм гæсгæ хицæн кæнын.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты фæсæфтуан -**С**-мæ гæсгæ хицæн кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæг. Синонимтæ. Антонимтæ. Æмбисæндтæ. | Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. Дзырдтæн синонимтæ æмæ антонимтæ агурын.<br>Дзырдтæ æмæ фразеологизмтæй (æмбисæндтæй) пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ацæргæ адæймагæн – кад**<br>Цыбыр текст «Ирон æгъдæутты ахсджиагдæр æмæ рæсугъддæр» - скъуыддзаг Чеджемты Æ. чиныг «Æртхурон»-мæ гæсгæ. | Нывтæ, дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæм гæсгæ, тексты ныхас цæуыл цæудзæн, уый бæрæг кæнын.<br>Текст кæсын.<br>Тексты сæргонд æмбарын кæнын.<br>Тексты хатдзæгмæ хи цæстæнгас æвдисын. Монолог-тæрхæтты миниуджытæ иртасын æмæ Ацæргæ адæймаджы боны фæдыл хистæртæн арфæйы текст фыссын. Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. |
| 8. | Мивдисæджы бындуртæ | Мивдисджыты бындуртæ: нырыккон, ивгъуыд, суинаг. Нырыккон афоны бындуры арæзт. Ивгъуыд афоны бындуры арæзт. Суинаг афоны бындуры арæзт. | Мивдисæджы бындуртæ хицæн кæнын.<br>Мивдисджыты бындурты алыхуызон мырон ивддзинæдтæ (хъæлæсонты ивд, æнæхъæн уæнгты ивд æндæртæй, æмхъæлæсонты æмхуызонад) иртасын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды конд.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады уæнгтæ. | Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт* | Текст кæсын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **Иры уарзон хъæбул – Къоста**<br>Текст «Балц Къостайы номимæ баст бынæттæм» (райдайæн) - скъуыддзаг журнал «Ногдзау»-æй.<br>Цыбыр текст Къостайы «Ирон фæндыр»-ы тыххæй (скъуыддзаг Цæллагты Валодяйы уацæй) | Текст мидисон хæйттыл дих кæнын æмæ сын сæргæндтæ хъуыды кæнын.<br>Нывты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты æрмæгыл æнцайгæйæ диалогон ныхас аразын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. |
| 9. | Мивдисæджы здæхæнтæ.<br>Æргомон здæхæн | Мивдисæджы ифтындзæг.<br>Æргомон здæхæны нысаниуæг.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты ифтындзæг æргомон здæхæны.<br>Æххуысгæнæг мивдисджытæ *кæнын* æмæ *уæвын/уын*-ы ифтындзæг æргомон здæхæны. | Æргомон здæхæны мивдисджытæй пайда кæнын.<br>Мивдисджыты æргомон здæхæны суинаг афоны 3-аг цæсгомы æмæ ивгъуыд афоны 3-аг цæсгомы формæтæ раст дзурын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын цухгонд бынæтты хъæугæ мивдисджытæ æвæргæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы афонтæ.<br>Мивдисæджы бындуртæ.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджытæ.<br>Зæронд дзырдтæ. | Мивдисæджы бындуртæ хицæн кæнын.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджытæ хицæн кæнын.<br>Зæронд дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Иры уарзон хъæбул – Къоста**<br>Текст «Балц Къостайы номимæ баст бынæттæм» - скъуыддзаг журнал «Ногдзау»-æй. | Текст кæсын.<br>Дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Къостайы цытдзæвæнмæ Ирон театры раз хи цæстæнгас æвдисын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. |
| 10. | Мивдисæджы здæхæнтæ.<br>Бæллиццаг здæхæн | Бæллиццаг здæхæны нысаниуæг.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты ифтындзæг бæллиццаг здæхæны.<br>Æххуысгæнæг мивдисджытæ *кæнын* æмæ *уæвын/уын*-ы ифтындзæг бæллиццаг здæхæны. | Бæллиццаг здæхæны мивдисджытæй пайда кæнын. Мивдисæг бæллиццаг здæхæны ифтындзæг кæнын. Бæллиццаг здæхæны мивдисджытæ æндæр здæхæнты мивдисджытæй хицæн кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын* | Мивдисæг æргомон здæхæны ифтындзæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Мивдисæджы æргомон здæхæн.<br>Синонимтæ. Дзырды фонетикон арæзт.<br>Дзырды хæйттæ. Хуымæтæг хъуыдыйад. | Дзырдтæн фонетикон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Иры уарзон хъæбул – Къоста**<br>Цыбыр текст «Къоста Пятигорскы».* | Текст кæсын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты æрмæгыл æнцайгæйæ диалогон ныхас аразын.<br>Цыбыр уацхъуыды миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Газетмæ уацхъуыд «Куыд сбæрæг кодтам Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бон» фыссын. |
| 11. | Мивдисæджы здæхæнтæ. Бадзырдон здæхæн | Бадзырдон здæхæны нысаниуæг.<br>Цæугæ æмæ æдзæугæ мивдисджыты ифтындзæг бадзырдон здæхæны.<br>Æххуысгæнæг мивдисджытæ *кæнын* æмæ *уæвын/уын*-ы ифтындзæг бадзырдон здæхæны. | Бадзырдон здæхæны мивдисджытæй пайда кæнын. Мивдисæг бадзырдон здæхæны ифтындзæг кæнын. Бадзырдон здæхæны мивдисджытæ æндæр здæхæнты мивдисджытæй хицæн кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы бæллиццаг здæхæн.<br>Синонимтæ. Антонимтæ.<br>Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг.<br>Фразеологизмтæ. Дзырды фонетикон арæзт.<br>Дзырды хæйттæ. Хуымæтæг хъуыдыйад. | Мивдисæг бæллиццаг здæхæны ифтындзæг кæнын.<br>Дзырдтæн фонетикон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ æмæ антонимтæ агурын.<br>Фразеологизмты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдз – нæ алыварс**<br>Цыбыр текст «Хурныгуылд» (скъуыддзаг Дзасохты Музаферы уацау «Зæрватыччыты бæстæ»- йæ). | Текст кæсын. Тексты сæргонд æмбарын кæнын. Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Æрдзы æрфыст аразæг хæйттæ бæрæг кæнын.<br>Æрдзы æрфыст аразын. |
| 12. | Мивдисæджы здæхæнтæ. Фæдзæхстон здæхæн | Фæдзæхстон здæхæны нысаниуæг.<br>Мивдисджыты ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны.<br>Æххуысгæнæг мивдисджытæ *кæнын* æмæ *уæвын/уын*-ы ифтындзæг фæдзæхстон здæхæны. | Фæдзæхстон здæхæны мивдисджытæй пайда кæнын.<br>Фæдзæхстон здæхæны мивдисджытæ æндæр здæхæнты мивдисджытæй хицæн кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы бадзырдон здæхæн.<br>Дзырды нысаниуæг. Синонимтæ.<br>Дзырды фонетикон конд.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. | Мивдисæг бадзырдон здæхæны ифтындзæг кæнын.<br>Дзырдтæн фонетикон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Алцæмæн дæр афон ис**<br>Дзасохты Музаферы æмдзæвгæ «Ныстуантæ».<br>Цыбыр текст «Куыд хъæуы гæрныйæ хъазын».* | Текст кæсын. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Темæмæ гæсгæ ныхас саразын.<br>Ирон сывæллæтты хъæзтыты тыххæй ныхас кæнын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. |
| 13. | Мивдисæг *вæййын*, йæ ифтындзæг. Мивдисджыты растфыссынад | Мивдисæг *вæййын*-ы нысаниуæг, йæ ифтындзæг.<br>Мивдисджыты растфыссынад. | Мивдисæг *вæййын* ифтындзæг кæнын.<br>Мивдисджыты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы фæдзæхстон здæхæн.<br>Мивдисджыты бындуртæ.<br>Синонимтæ. Дзырды нысаниуæг.<br>Дзырды хæйттæ. Хуымæтæг хъуыдыйад. | Мивдисæг фæдзæхстон здæхæны ифтындзæг кæнын.<br>Дзырдтæн фонетикон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссыг цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фæззыгон хъæды**<br>Цыбыр текст «Нывгæнæг» (райдайæн) - Дзасохты Музаферы радзырд«Нывгæнæг»-æй. | Текст кæсын. Тексты сæргонд æмбарын кæнын.<br>Монолог-æрфыст аразын.<br>Алыхуызон эмоционалон аргъгæнæг дзырдтæй пайда кæнын.<br>Нæ алыварс æрдзмæ ахаст хи хъуыдытæй æвдисын. |
| 14. | Мивдисджыты растфыссынад | Мивдисджыты растфыссынад. | Мивдисджыты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисджыты бындуртæ. Синонимтæ.<br>Дзырды нысаниуæг. Дзырды хæйттæ.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. | Мивдисæджы бындуртæ хицæн кæнын.<br>Мивдисджыты бындурты алыхуызон мырон ивддзинæдтæ (хъæлæсонты ивд, æнæхъæн уæнгты ивд æндæртæй, æмхъæлæсонты æмхуызонад) иртасын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фæззыгон хъæды**<br>Цыбыр текст «Нывгæнæг» (кæрон) - Дзасохты Музаферы радзырд«Нывгæнæг»-æй. | Текст кæсын. Авторы хатдзæгмæ хи цæстæнгас æвдисын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Алыхуызон эмоционалон аргъгæнæг дзырдтæй пайда кæнын.<br>Нæ алыварс æрдзмæ ахаст хи хъуыдытæй æвдисын.<br>Зæрдылдарæнмæ гæсгæ æрæмбырд кæнын æрмæг нывæцæн ныффыссынæн ахæм темæйыл: «Фæззæг Ирыстоны». |
| 15. | Мивдисæджы æнæцæсгомон формæтæ | Мивдисæджы цæсгомон æмæ æнæцæсгмон формæтæ. Мивдисджыты æнæцæсгомон формæты арæзт. Мивдисджыты æнæцæсгомон формæты ифтындзæг. | Иу сæйраг уæнг (зæгъинаг) кæм вæййы, ахæм хуымæтæг хъуыдыйæдты мивдисæджы æнæцæсгомон формæтæ æмæ æнæцæсгомон мивдисджытæй пайда кæнын.<br>Дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы здæхæнтæ, афон, нымæц æмæ цæсгом. Синонимтæ. Дзырды нысаниуæг. Дзырды хæйттæ.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. | Мивдисджытæн здæхæнтæ, афон, нымæц æмæ цæсгом амонын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Дун-дунейыл балц**<br>Цыбыр текст «Цымыдисаг хох – Америкæйы»* | Наукон-популярон текст кæсын.<br>Текст мидисон хæйттыл дих кæнын.<br>Тексты мидисон хæйттæн сæргæндтæ хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Нывты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын. |
| 16. | Контролон куыст | | |
| 17. | Мивдисджыты дзырдарæзт | Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ. Мивдисджыты дзырдарæзт. Мивдисæг æвзарыны фæтк. | Хуымæтæг мивдисджытæ вазыгджын мивдисджытæй хицæн кæнын.<br>Мивдисæгæн фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон æмæ морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мивдисæджы æнæцæсгомон формæтæ.<br>Мивдисæджы здæхæнтæ, афон, нымæц æмæ | Иу сæйраг уæнг (зæгъинаг) кæм вæййы, ахæм хуымæтæг хъуыдыйæдты мивдисæджы æнæцæсгомон формæтæ æмæ æнæцæсгомон мивдисджытæй пайда кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | цæсгом. Синонимтæ. Дзырды нысаниуæг.<br>Дзырды хæйттæ. Хуымæтæг хъуыдыйад. | Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Дзырдтæн фонетикон, дзырдарæзтон æмæ морфологион æвзæрст кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Дун-дунейыл балц**<br>Цыбыр текст «Æдзæрæг бæстæйы æдзæрæг зæхх»* | Наукон-популярон текст кæсын. Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Ныхты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын. |
| 18. | Мивдисджыты растфыссынад | Вазыгджын мивдисджытæ æмæ хуымæтæг мивдисджыты вазыгджын формæты растфыссынад. | Мивдисджыты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын мивдисджытæ.<br>Мивдисджыты дзырдарæзт.<br>Дзырды нысаниуæг.<br>Географион терминтæ, топонимтæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ, æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. | Хуымæтæг мивдисджытæ вазыгджын мивдисджытæй хицæн кæын.<br>Мивдисæгæн фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон æмæ морфологион æвзæрст кæнын. Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Географион терминтæ, топонимтæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ, æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Дун-дунейыл балц**<br>Цыбыр текст «Морæ къуылдымтæ».* | Наукон-популярон текст кæсын. Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ныхты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ æрдзон бынаты тыххæй дзурын. |
| **Миногми (4 сах.)** | | | |
| 19. | Миногми.<br>Нырыккон афоны миногмитæ | Миногмийы нысаниуæг. Миногон æмæ миногмийы абарст. Миногми æмæ мивдисæджы абарст. Нырыккон афоны миногмиты арæзт. Миногмиты синтаксисон функцитæ. | Миногми номдар æмæ миногонæй хицæн кæнын.<br>Миногми-бæрæггæнинаг дзырдимæ иу цавдимæ дзурын.<br>Мивдисджытæй нырыккон афоны миногмитæ аразын.<br>Нырыккон афоны миногмитæн морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Цавд дзырдбæстыты.<br>Æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Терминтæ. Географион терминтæ, топонимтæ, гидронимтæ æмæ а.д.<br>Хъуыдыйæдты алы хуызтæ сæ арæзтмæ гæсгæ. | Дзырдты къордтыл цавд æвæрын.<br>Географион терминтæй, топонимтæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ æмæ æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уæрæсейы æрдзы рæсугъддæр бынæттæ**<br>Цыбыр текст «Байкал».* | Наукон-популярон текст кæсын. Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ æрдзон бынаты тыххæй дзурын. |
| 20. | Миногми.<br>Ивгъуыд афоны миногмитæ | Ивгъуыд афоны миногмиты арæзт. Ивгъуыд афоны миногмиты нысаниуджытæ.<br>Ивгъуыд афоны миногмиты бындуртæ æмæ мивдисæджы ивгъуыд афоны бындуртæ.<br>Ивгъуыд афоны миногмиты растфыссынад. | Ивгъуыд афоны миногмитæ сæ миниуджытæм гæсгæ иртасын.<br>Ивгъуыд афоны миногмиты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Мивдисджытæй ивгъуыд афоны миногмитæ аразын.<br>Ивгъуыд афоны миногмитæн морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногмийы нысаниуæг. Миногон æмæ миногмийы абарст. Миногми æмæ мивдисæджы абарст. Нырыккон афоны миногмиты арæзт. Миногмиты синтаксисон функцитæ. Терминтæ. Географион терминтæ, топонимтæ, гидронимтæ, æмæ а.д. | Миногми номдар æмæ миногонæй иртасын.<br>Миногми-бæрæггæнинаг дзырдимæ иу цавдимæ дзурын.<br>Нырыккон афоны миногмитæн морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын.<br>Географион терминтæй, топонимтæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ æмæ æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уæрæсейы æрдзы рæсугъддæр бынæттæ**<br>Цыбыр текст «Тундрæ».* | Наукон-популярон текст кæсын. Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Нывты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | æнцайгæйæ æрдзон бынаты тыххæй дзурын. |
| 21. | Миногми. Суинаг афоны миногмитæ | Суинаг афоны миногмиты арæзт. Суинаг афоны миногмиты нысаниуджытæ.<br>Миногмиты рахызт æндæр ныхасы хæйттæм. | Суинаг афоны миногмитæ сæ миниуджытæм гæсгæ иртасын.<br>Мивдисджытæй суинаг афоны миногмитæ аразын.<br>Миногмиты æндæр ныхасы хæйттæй хицæн кæнын (номдар, миногон). |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ивгъуыд афоны миногмиты арæзт.<br>Миногмиты синтаксисон функцитæ.<br>Дзырды нысаниуæг. Дзырды хæйттæ.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад. | Ивгъуыд афоны миногмитæ сæ миниуджытæм гæсгæ иртасын.<br>Ивгъуыд афоны миногмиты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Ивгъуыд афоны миногмитæн морфемон æмæ дзырдарæзтон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уæрæсейы историйы сыфтæ**<br>Цыбыр текст «Сыбырмæ фæндаг».* | Наукон-популярон текст кæсын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ Уæрæсейы историйы тыххæй дзурын. |
| 22. | Миногмиты растфыссынад | Вазыгджын мивдисджытæй арæзт миногмиты растфыссынад. Дзырдбæстытæй арæзт миногмиты растфыссынад. Миногми æвзарыны фæтк. | Миногмиты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Миногмийæн морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногми. Вазыгджын дзырдтæ.<br>Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | Вазыгджын дзырдтæ аразын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад æмхуызон уæнгтимæ æвзарын.<br>Æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зымæгон таурæгътæ**<br>Текст «Æрсойы фыццаг балц хъæды»*<br>В.Бианкимæ гæсгæ (райдайæн). | Аивадон текст-радзырд хæдбарæй кæсын.<br>Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн фысгæйæ дзуапп дæттын. |
| **Фæрссагми ( 3сах.)** | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 23. | Фæрссагми | Фæрссагмийы нысаниуæг.<br>Фæрссагмийы арæзт.<br>Фæрссагмийы синтаксион функцитæ.<br>Вазыгджын фæрссагмиты арæзт. | Мивдисджытæй фæрссагмитæ аразын.<br>Фæрссагмийæн дзырдарæзтон æвзæрст кæнын.<br>Хъуыдыйад фæрссагмион здæхтимæ синонимон домгæвазыгджын хъуыдыйадæй ивын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Дзырды нысаниуæг.<br>Мивдисæджы бындуртæ. Миногми. | Мивдисджыты бындуртæ хицæн кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зымæгон таурæгътæ**<br>Текст «Æрсойы фыццаг балц хъæды»*<br>В.Бианкимæ гæсгæ (дарддæр). | Аивадон текст-радзырд кæсын. Тексты радзырдаразæг хæйттæ (сæргонд, райдайæн, сæйраг хай, кæрон) бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 24. | Фæрссагми | Фæрссагмиты æххæст æмæ æнæххæст хуыз.<br>Фæрссагми æвзарыны фæтк. | Фæрссагмиты цавд æвæрын.<br>Хъуыдыйæдтæ фæрссагмион здæхтимæ хъæугæ интонациимæ кæсын.<br>Хъуыдыйад фæрссагмион здæхтимæ синонимон домгæвазыгджын хъуыдыйадæй ивын.<br>Фæрссагмитæн морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Фæрссагмийы нысаниуæг.<br>Фæрссагмийы арæзт.<br>Æххæст æмæ æнæххæст мивдисджытæ.<br>Дзырды нысаниуæг.<br>Фрæзеологизмтæ. | Фæрссагмиты нысаниуæг æмбарын кæнын.<br>Мивдисджытæй фæрссагмитæ аразын.<br>Æххæст æмæ æнæххæст мивдисджытæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Фразеологизмты мидис æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зымæгон таурæгътæ**<br>Текст «Æрсойы фыццаг балц хъæды»*<br>В.Бианкимæ гæсгæ (кæрон). | Аивадон текст-радзырд кæсын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. |
| 25. | Контролон куыст | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Фæрсдзырд ( 8 сах.)** | | | |
| 26. | Фæрсдзырд | Фæрсдзырд куыд сæрмагонд ныхасы хай.<br>Фæрсдзырдты синтаксисон функцитæ. | Фæрсдзырд æндæр ныхасы хæйтты æхсæнæй иртасын.<br>Фæрсдзырд хъуыдыйады мидæг агурын æмæ йæ уæнгтæм гæсгæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. | Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Æрбайсгæ дзырдтæй раст пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ног азы бæрæгбон алы бæстæты**<br>Текст «Ногбоны балц Италимæ»* (журнал «Мах Дуг»-ы æрмæджытæм гæсгæ ) | Аивадон текст-радзырд кæсын.<br>Лæвæрд пъланы сæргæндтæ текстмæ гæсгæ раст равæрын.<br>Пъланмæ гæсгæ тексты мидис хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æмæ ныхасы рæзты æрмæджытыл æнцайгæйæ Ногбоны тыххæй радзурын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 27. | Фæрсдзырдты дих сæ нысаниуджытæм гæсгæ | Фæрсдзырдты дих сæ нысаниуæгмæ гæсгæ: иумæйаг æмбарынад | Фæрсдзырд æндæр ныхасы хæйтты æхсæнæй иртасын.<br>Фæрсдзырд хъуыдыйады мидæг агурын æмæ йæ хуыз амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Синонимтæ.<br>Фæрсдзырды иумæйаг æмбарынад.<br>Хуымæтæг хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. | Фæрсдзырд хъуыдыйады мидæг агурын æмæ йæ уæнгтæм гæсгæ амонын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зымæгон цаутæ**<br>С.Михалковы радзырд «Ног азы размæ чи ’рцыди, ахæм æцæг хабар» (Дзасохты Музаферы тæлмацмæ гæсгæ). | Аивадон текст-радзырд кæсын.<br>Тексты радзырдаразæг хæйттæ (сæргонд, райдайæн, сæйраг хай, кæрон) бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты диалог агурын æмæ йын йæ миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 28. | Фæрсдзырдты бæрцбарæнтæ | Фæрсдзырдты морфологион миниуджытæ.<br>Фæрсдзырдты бæрцбарæнтæ. | Фæрсдзырд æндæр ныхасы хæйтты æхсæнæй иртасын.<br>Аргъгæнæн фæрсдзырдтæй пайда кæнын.<br>Хъуыдыйæдты æхсæн бастдзинады хуызтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæг.<br>Миногонты бæрцбарæнтæ. | Миногонтæ æмæ фæрсдзырдтæй алы бæрцбарæнты дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зымæгон хъæд**<br>Текст «Зымæгон хъæд» (скъуыддзаг Хъуппеты Мысосты радзырд «Зымæгон хъæд»-æй). | Аивадон текст-радзырд кæсын.<br>Текстмæ гæсгæ сæвзæрæг æнкъарæнтæ æргом кæнын.<br>Алыхуызон эмоционалон аргъгæнæг дзырдтæй пайда кæнын.<br>Нæ алыварс æрдзмæ ахаст хи хъуыдытæй æвдисын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ зымæгон æрдзыл ныхас кæнын. |
| 29. | Номдартæй арæзт фæрсдзырдтæ | Аразгæ æмæ æнæаразгæ фæрсдзырдтæ.<br>Номдартæй арæзт фæрсдзырдтæ.<br>Фæрсдзырдты растфыссынад | Аразгæ фæрсдзырдтæ æнæаразгæ фæрсдзырдтæй хицæн кæнын.<br>Фæрсдзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Аргъгæнæн фæрсдзырдтæй пайда кæнын.<br>Хъуыдыйæдты æхсæн бастдзинады хуызтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номдар (иумæйаг æмбарынад, нымæц, тасындзæг).<br>Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. | Номдар тасындзæг кæнын.<br>Иууон нымæцы номдартæй бирæон нымæцы номдартæ аразын.<br>Дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Зивæгæй цард нæй**<br>Радзырд «Зымæг æмæ Магуса» (Тохты Иванмæ гæсгæ). | Радзырдмæ хъусын.<br>Радзырдæн сæргонд æрхъуыды кæнын.<br>Радзырды мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Райдайæны хуызæгмæ гæсгæ диалог дарддæр ахæццæ кæнын.<br>Нывтæм гæсгæ текст хи ныхæстæй дзурын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквивалентты кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 30. | Миногонтæ æмæ нымæцонтæй | Миногонтæй арæзт фæрсдзырдтæ.<br>Нымæцонтæй арæзт фæрсдзырдтæ. | Миногонтæ æмæ нымæцонтæй арæзт фæрсдзырдтæ иртасын.<br>Фæрсдзырдтæ миногонтæ æмæ нымæцонтæй хицæн кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | арæзт фæрсдзырдтæ | | Хъуыдыйæдтæ фыссын цухгонд фæрсдзырдтæ æвæргæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногон (иумæйаг æмбарынад, миниуæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ).<br>Нымæцон (иумæйаг æмбарынад, бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонтæ).<br>Географион терминтæ æмæ нæмттæ. | Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ хицæн кæнын.<br>Нымæцонтæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ иртасын. Географион терминтæй, топонимтæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ æмæ æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Балцы – Кавказмæ**<br>Цыбыр текст «Кавказы фидауц» (скъуыддзаг проф. Беруаты Барисы уацæй) | Наукон-популярон текст кæсын. Дыууæ-æртæ хъуыдыйадæй тексты сæйраг хъуыды æргом кæнын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ кæронмæ ахæццæ кæнын.<br>Æрдзы æрфысты æвзагон хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Кавказы аив æмæ хъæздыг æрдзыл ныхас кæнын. |
| 31. | Номивджытæй арæзт фæрсдзырдтæ. Номивæгон фæрсдзырдтæ | Номивджытæй арæзт фæрсдзырдтæ.<br>Номивæгон фæрсдзырдтæ. | Фæрсдзырдтæ номивджытæй иртасын.<br>Номивæгон фæрсдзырдты нысаниуджытæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номивæг (иумæйаг æмбарынад, куыд дих кæнынц номивджытæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ). Географион терминтæ, цæрæгойты æмæ зайæгойты нæмттæ. Дзырды нысаниуæг. | Номивджытæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ иртасын.<br>Географион терминтæй, топонимтæ, цæрæгойтæ æмæ зайæгойты нæмттæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ æмæ æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Балцы – Кавказмæ**<br>Цыбыр текст «Тебердайы фæдзæхст бынат»* (М.А.Ахметов, В.В.Онищенко, Д.С.Салпагаров, А.Д.Салпагаровмæ гæсгæ) | Наукон-популярон текст кæсын. Тексты хицæн темæтæ бæрæг кæнын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Аргъгæнæн фæрсдзырдтæй пайда кæнын.<br>Æрдзы æрфысты æвзагон хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Кавказы аив æмæ хъæздыг æрдзыл ныхас кæнын. |
| 32. | Фæрсдзырдтæй арæзт фæрсдзырдтæ. Куыд равзарын | Фæрсдзырдтæй арæзт фæрсдзырдтæ.<br>Фæрсдзырдты растфыссынад.<br>Фæрсдзырд æвзарыны фæтк | Фæрсдзырдтæй арæзт фæрсдзырдтæ амонын.<br>Фæрсдзырдтæн антонимтæ агурын.<br>Фæрсдзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | хъæуы<br>фæрсдзырд | | Фæрсдзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. Фæрсдзырд æмæ миногон кæрæдзийæ сæ синтаксисон æууæлтæм гæсгæ иртасын.<br>Фæрсдзырдæн морфологион æвзæрст кæнын. |
| 33. | Контролон куыст | | |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Фæрсдзырдты арæзт номдартæ, миногонтæй, нымæцонтæй, номивджытæй. Хауæнтæ.<br>Географион терминтæ, цæрæгойты æмæ зайæгойты нæмттæ. | Номдар тасындзæг кæнын.<br>Фæрсдзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Географион терминтæй, топонимтæ, цæрæгойтæ æмæ зайæгойты нæмттæ, æндæр сæрмагонд нæмттæ æмæ æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Балцы – Кавказмæ**<br>Текст «Цымыдисаг урок»* Кæсæг-Балхъары паддзахадон фæдзæхст бынаты тыххæй (М.А.Ахметов, В.В.Онищенко, Д.С.Салпагаров, А.Д.Салпагаровмæ гæсгæ)<br>Текст «Къоста æмæ Кавказы географи» (скъуыддзаг проф. Беруаты Барисы уацæй) | Текст кæсын.<br>Тексты радзырд аразæг хæйттæ (сæргонд, райдайæн, сæйраг хай, кæрон) бæрæг кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Тексты диалог агурын æмæ йын йæ миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Диалогон æмæ монологон ныхас аразын.<br>Аргъгæнæн фæрсдзырдтæй пайда кæнын.<br>Æрдзы æрфысты æвзагон хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Кавказы аив æмæ хъæздыг æрдзыл ныхас кæнын.<br>Публицистикон текст кæсын. Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын. Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйæдты райдайæнтæ дзургæйæ æххæст кæнын.<br>Аргъгæнæн фæрсдзырдтæй пайда кæнын.<br>Къостайæн йæ зæрдæ тынгдæр цы хъуыддæгтыл рысти æмæ, Кавказимæ баст фæрстытæ куыд æргом кодта йæ уацты, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | уыдоны тыххæй ныхас кæнын. |
| **ÆХХУЫСГÆНÆГ НЫХАСЫ ХÆЙТТÆ (13 САХ.)** | | | |
| **Фæсæвæрд ( 2 сах.)** | | | |
| 34. | Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ. Фæсæвæрд | Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ.<br>Иумæйаг æмбарынад фæсæвæрды тыххæй.<br>Аразгæ æмæ æнæаразгæ фæсæвæрдтæ.<br>Фæсæвæрд, йæ нысаниуæг, йæ бастдзинад, йæ разæй лæууæг дзырдтимæ.<br>Фæсæвæрдтæ-синонимтæ. | Фæсæвæрды нысаниуæг амонын.<br>Фæсæвæрдтæ се ’мхуызон ныхасы хæйттæй хицæн кæнын.<br>Фæсæвæрдты сæ разæй лæууæг дзырдтимæ иу цавдимæ дзурын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Цавды æгъдæуттæ.<br>Синонимтæ. Омонимтæ.<br>Дзырды нысаниуæг.<br>Сæрмагонд ныхасы хæйттæ. | Дзырдты къорды цавд æвæрын.<br>Дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Омонимтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Сæрмагонд ныхасы хæйттæ æххуысгæнæг ныхасы хæйттæй хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Хистæр – зондамонæг**<br>Текст «Куырыхон хистæры амындтытæ» (Чеджемты Æхсармæ гæсгæ) | Аивадон текст кæсын. Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Текст (таурæгъ) хи ныхæстæй дзурын.<br>Хистæрты зондамындмæ хъус дарын хъæуы æви нæ, уымæ хи цæстæнгас æвдисын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 35. | Фæсæвæрд | Фæсæвæрдты нысаниуджытæ. Фæсæвæрдты растфыссынад. Фæсæвæрд æвзарыны фæтк. | Фæсæвæрдты нысаниуджытæ амонын.<br>Фæсæвæрдты сæ размæлæууæг дзырдтимæ иу цавдимæ дзурын.<br>Фæсæвæрдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Фæсæвæрды иумæйаг æмбарынад.<br>Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. | Аразгæ фæсæвæрдтæ æнæаразгæ фæсæвæрдтæй хицæн кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |

<table>
<tr><td></td><td></td><td>Ныхасы рæзт<br>23 февраль – Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон<br>Цыбыр текст «Уæрæсейы, Ирыстоны намыс æмæ сæрыстырдзинад» (скъуыддзаг газет «Рæстдзинад»- æй).</td><td>Публицистикон текст кæсын.<br>Текст мидисон хæйттыл дих кæнын.<br>Тексты мидисон хæйттæн сæргæндтæ хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>23 февралы – Фыдыбæстæ хъахъхъæнæнджы боны тыххæй ныхас кæнын.</td></tr>
<tr><td colspan="4">Разæвæрд (1 сах.)</td></tr>
<tr><td rowspan="3">36.</td><td rowspan="3">Разæвæрд</td><td>Иумæйаг æмбарынад разæвæрды тыххæй.<br>Разæвæрдты нысаниуджытæ.<br>Грамматикон синонимтæ (номдар разæвæрд æд-имæ æмæ номдар цæдисон хауæны).<br>Разæвæрдты растфыссынад.</td><td>Разæвæрдты сæ фæстæ лæууæг дзырдтимæ иу цавдимæ дзурын.<br>Разæвæрдтæ се 'мхуызон разæфтуантæй хицæн кæнын.<br>Дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын цухгонд разæвæрдтæ æвæргæйæ.</td></tr>
<tr><td>Фæлхат кæнын<br>Синонимтæ. Антонимтæ.<br>Мивдисджыты дзырдарæзт.</td><td>Мивдисджытæн дзырдарæзтон æвзæрст кæнын.<br>Дзырдтæн æмæ дзырдбæстытæн синонимтæ æмæ антонимтæ агурын</td></tr>
<tr><td>Ныхасы рæзт<br>8 мартъи – Сылгоймæгты æппæтдунеон бон<br>Цыбыр текст «Уалдзæджы райдзастдæр бæрæгбон» (скъуыддзаг газет «Рæстдзинад»-æй)</td><td>Публицистикон текст кæсын.<br>Тексты сæргонд æмбарын кæнын.<br>Текст мидисон хæйттыл дих кæнын.<br>Текстæн æмæ йæ мидисон хæйттæн сæргæндтæ хъуыды кæнын æмæ сæ пъланы хуызы фыссын.</td></tr>
<tr><td colspan="4">Бæттæг (4 сах.)</td></tr>
<tr><td rowspan="3">37.</td><td rowspan="3">Бæттæг</td><td>Бæттæгты тыххæй иумæйаг æмбарынад.<br>Бæттæгты дих сæ арæзтмæ гæсгæ.</td><td>Бæттæгтæ се ’мхуызон ныхасы хæйттæй хицæн кæнын.<br>Хуымæтæг, вазыгджын æмæ амад бæттæгтæ хицæн кæнын.</td></tr>
<tr><td>Фæлхат кæнын<br>Зæронд дзырдтæ.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ.</td><td>Зæронд дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ иртасын.</td></tr>
<tr><td>Ныхасы рæзт<br>Уазæгуаты – ивгъуыдмæ<br>Текст «Хъæутæ æмæ цæрæнтæ» (Скъуыддзаг Болатты Хъазыбеджы уацæй)</td><td>Текст кæсын.<br>Текст мидисон хæйттыл дих кæнын. Текстæн æмæ йæ мидисон хæйттæн сæргæндтæ хъуыды кæнын æмæ сæ пъланы хуызы фыссын.</td></tr>
</table>

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Нæ рагфыдæлты цард æмæ æгъдаумæ хи цæстæнгас æвдисын. |
| 38. | Бæттæг | Бабæтгæ æмæ домгæ бæттæгтæ. | Хъуыдыйæдты мидæг бастдзинады хуызтæ иртасын.<br>Бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтæ хицæн кæнын.<br>Дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæй хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ бæтттæгтæ æвæргæйæ.<br>Схемæмæ гæсгæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæг. Зæронд дзырдтæ.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | Зæронд дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ иртасын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уазæгуаты – ивгъуыдмæ**<br>Текст «Хъæутæ æмæ цæрæнтæ» (Скъуыддзаг Болатты Хъазыбеджы уацæй) | Текст кæсын. Тексты сæйраг темæ æмæ дæлтемæтæ хицæн кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Текстмæ гæсгæ хъуыдыйады хицæн хæйттæй æнæхъæн хъуыдыйад аразын.<br>Нæ рагфыдæлты цард æмæ æгъдаумæ хи цæстæнгас æвдисын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 39. | Бæттæг | Аразгæ æмæ æнæаразгæ бæттæгтæ. Бæттæг æвзарыны фæтк. | Бæттæгтæ се ’мхуызон ныхасы хæйттæй хицæн кæнын.<br>Синонимон бæттæгтæй пайда кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ бæтттæгтæ æвæргæйæ.<br>Бæттæгæн морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæг. Зæронд дзырдтæ.<br>Омонимтæ. Синонимтæ.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | Омонимон ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын. Зæронд дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ иртасын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Фæткæн – æгъдау, æгъдауæн – ном**<br>Цыбыр радзырд «Давд» (Саламты Алиханмæ гæсгæ) | Аивадон текст кæсын.<br>Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ пъланы фæрстытæ æмбæлгæ фæткыл æвæрын.<br>Фарстон-дзуаппон диалоджы миниуджытæ бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Тексты фарстон-дзуаппон диалог агурын.<br>Уырыссаг хъуыдыйæдтæ ирон æвзагмæ тæлмац кæнын.<br>Хи дарыны уагмæ раст цæстæнгас æвдисын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 40. | Бæттæг | Бæттæгты стилистикон миниуджытæ. | Бæттæгты стилистикон миниуджытæ хицæн кæнын.<br>Синонимон бæттæгтæ кæрæдзийæ ивын.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæй хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды лексикон нысаниуæг. Синонимтæ.<br>Хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйады уæнгтæ.<br>Хъуыдыйæдтæ, цы æнкъарæнтæ æвдисынц, уыдонмæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ. | Дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Бæттæгæн морфологион æвзæрст кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ хицæн кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Дзырдтæй хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Хъуыдыйæдты кæрон хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрцыд, ныллæуыд уалдзæг!**<br>Цыбыр текст «Уалдзыгон стъалытæ»<br>(Дзасохты Музафермæ гæсгæ) | Аивадон текст кæсын.<br>Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын.<br>Алыхуызон эмоционалон-аргъгæнæн дзырдтæй пайда кæнын.<br>Нывты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, æрдз уарзын æмæ йыл аудын – адæмæн сæ фыццагдæр хæс кæй у, ууыл ныхас кæнын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| **Хайыг (5сах.)** | | | |
| 41. | Хайыг | Хайыгты тыххæй иумæйаг æмбарынад.<br>Хайыгты арæзт. Хайыгты равзæрд.<br>Хайыгтæ æмæ æндæр ныхасы хæйттæ – омонимтæ. | Хайыгтæ се ’мхуызон ныхасы хæйттæй хицæн кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ хайыгтимæ хъæугæ интонациимæ кæсын.<br>Алыхуызон хайыгтæй ныхасы пайда кæнын.<br>Тексты хайыгтæ агурын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ хайыгтæ æвæргæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды хæйттæ, дзырдтæ аразыны фæрæзтæ. | Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Сæрмагонд æмæ æххуысæнæг ныхасы хæйттæ хицæн кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Омонимтæ.<br>Спортивон терминтæ.<br>Ныхасы хæйттæ. | Спортивон терминтæй пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Спорт дун-дунейы**<br>Цыбыр текст «Спорты историйы цымыдисаг сыфтæ»* | Наукон-популярон текст кæсын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Нывты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, Олимпаг хъæзтыты историйыл ныхас кæнын. |
| 42. | Хайыгты нысаниуджытæ | Хайыгты дих сæ нысаниуджытæм гæсгæ: сæрмагонд дзырдтæ, дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдты мидисæн уæлæмхасæн нысаниуджытæ дæттæг хайыгтæ, | Хайыгтæ се ’мхуызон ныхасы хæйттæй хицæн кæнын.<br>Алыхуызон хайыгтæй ныхасы пайда кæнын.<br>Тексты хайыгтæ агурын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ хайыгтæ æвæргæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæг.<br>Дзырды хæйттæ, дзырдтæ аразыны фæрæзтæ.<br>Ныхасы хæйттæ. Синоимтæ.<br>Спортивон терминтæ. | Дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Дзырдтæн синонимтæ агурын.<br>Спортивон терминтæй пайда кæнын.<br>Сæрмагонд æмæ æххуысæнæг ныхасы хæйттæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Спорт Ирыстоны**<br>Цыбыр текст спорты райрæзты тыххæй Ирыстоны* (скъуыддзаг Гаджиты С. чиныг «Осетия спортивная»-йæ) | Публицистикон текст кæсын. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын.<br>Пъланы фæрстытæ радзырды цауты цыдмæ гæсгæ æвæрын.<br>Пъланмæ гæсгæ тексты мидис дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, спорты райрæзтæ æмæ йæ ахадындзинадыл ныхас кæнын. |
| 43. | Хайыгты нысаниуджытæ | Хайыгты дих сæ нысаниуджытæм гæсгæ: модалон хайыгтæ. | Дзурæджы ахастытæ равдисынæн хайыгтæй пайда кæнын.<br>Амонæн, дихон æмæ тыхджындæргæнæн хайыгтæ бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ хайыгтæ æвæргæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды хæйттæ, дзырдтæ аразыны фæрæзтæ. | Дзырдтæ æмæ дзырдбæстыты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Ныхасы хæйттæ. Спортивон терминтæ.<br>Фидаргæнæн æмæ æппæрццæг хъуыдыйæдтæ. | Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Сæрмагонд æмæ æххуысæнæг ныхасы хæйттæ хицæн кæнын.<br>Фидаргæнæн æмæ æппæрццæг хъуыдыйæдтæ бæрæг кæнын.<br>Спортивон терминтæй пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Спорт Ирыстоны**<br>Цыбыр текст «Гыццыл Ирыстоны стыр сгуыхтытæ» (скъуыддзаг журнал «Мах дуг»-æй) | Публицистикон текст кæсын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, Ирыстоны зындгонд спортсменты тыххæй ныхас кæнын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 44. | Хайыгты нысаниуджытæ | Хайыгты дих сæ нысаниуджытæм гæсгæ: æнкъарæнтæ æвдисæг хайыгтæ.<br>Хайыгты растфыссынад.<br>Хайыг æвзарыны фæтк. | Æнкъарæнтæ æвдисæг хайыгтæ бæрæг кæнын.<br>Формæаразæг æмæ дзырдарæзæг хайыгтæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Хайыгæн морфологион æвзæрст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды хæйттæ, дзырдтæ аразыны фæрæзтæ.<br>Ныхасы хæйттæ. Спортивон терминтæ. | Дзырдтæ сæ кондмæ гæсгæ æвзарын.<br>Сæрмагонд æмæ æххуысæнæг ныхасы хæйттæ хицæн кæнын.<br>Спортивон терминтæй пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Спорт Ирыстоны**<br>Скъуыддзаг Хуыгаты Георы пьесæ «Мæ богал»-æй. | Драмон уацмысæй скъуыддзаг хæдбарæй кæсын. Текстмæ гæсгæ фæрстытæн фысгæйæ дзуапп дætттын.<br>Спорт æмæ физикон культурæмæ хи цæстæнгас æвдисын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 45. | Контролон куыст | | |
| **Æвастхъæр ( 3 сах**.) | | | |
| 46. | Æвастхъæр | Иумæйаг æмбарынад æвастхъæры тыххæй.<br>Æвастхъæрты дих сæ нысаниуджытæм гæсгæ: æнкъарæнæвдисæг хайыгтæ. Хайыгтимæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ. | Æвастхъæрты бæлвырд уагæй дзурын (хъæлæс бæрзонддæр кæнын, хъæлæсонтæ дæргъватинæй дзурын).<br>Æвастхъæры стилистикон нысаниуджытæ иртасын.<br>Æнкъарæнтææвдисæг æвастхъæртæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Æвастхъæртимæ хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæргæйæ. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ. | Ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ сæ сæйраг æууæлтæм гæсгæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Стыр Уæлахизы рухс**<br>Цыбыр текст «Ӕдзард хæстоны ныхас»<br>(Туаты Сергеймæ гæсгæ) | Аивадон текст кæсын. Текст мидисон хæйттыл дих кæнын.<br>Тексты мидисон хæйттæн сæргæндтæ хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ныхвты мидисимæ баст бынæттæ тексты агурын æмæ сæ кæсын кæнæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, Фыдыбæстæмæ, фыдыуæзæгмæ ахаст æвдисын, Стыр Уæлахизы бон æрæмысын.<br>Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| 47. | Ӕвастхъæр | Ӕвастхъæрты дих сæ нысаниуджытæм гæсгæ: архайдмæ разæнгардгæнæг хайыгтæ.<br>Хайыгтимæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ.<br>Аразгæ æмæ æнæаразгæ æвастхъæртæ.<br>Мырфæзмæн дзырдтæ. | Ӕвастхъæрты бæлвырд уагæй дзурын (хъæлæс бæрзонддæр кæнын, хъæлæсонтæ дæргъватинæй дзурын).<br>Ӕвастхъæры стилистикон нысаниуджытæ иртасын.<br>Архайдмæ разæнгардгæнæг æвастхъæртæ бæрæг кæнын.<br>Ӕвастхъæртæ се ’мхуызон ныхасы хæйттæй хицæн кæнын.<br>Дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Ӕвастхъæртимæ хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын.<br>Хъуыдыйæдтæ фыссын хъæугæ æвастхъæртæ æвæргæйæ.<br>Дзырдтæ æмæ æвастхъæртимæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Текстæй мырфæзмæн дзырдтимæ хъуыдыйæдтæ фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ. | Ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ сæ сæйраг æууæлтæм гæсгæ хицæн кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Стыр Уæлахизы рухс**<br>Цыбыр текст «Хæстоны мысинæгтæ<br><br>(скъуыддзаг Хъайтыхъты Азæмæты мысинæгтæй) | Аивадон текст кæсын.<br>Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Тексты дзырдтæ æмæ дзырдбæстытыл, дзырдуатыл æнцайгæйæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ хи ахаст æвдисын, Стыр Уæлахизы бон æрæмысын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл бадарын. |
| **7-æм къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын (3сах.)** | | | |
| 48-50. | Ныхасы хæйтты растфыссынад | *Фæлхат кæнын*<br>Æрбайсгæ дзырдтæ.<br>Зæронд æмæ ног дзырдтæ. Синонимтæ.<br>Дзырдты растфыссынад. Æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ | Æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнын. Зæронд æмæ ног дзырдты нысаниуджытæ æмбарын кæнын. Дзырдтæн синонимтæ агурын. Дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнын.<br>Хъуыдыйады хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон æвзагзонынады дæсны**<br>Цыбыр текст «Иры хæрзгæнæг» Вс.Миллеры тыххæй (скъуыддзаг Гæбæраты Никъала æмæ Агънаты Æхсары уацæй) | Наукон текст кæсын. Текстмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. Текст хи ныхæстæй дзурын. Текстмæ гæсгæ дзырдбыд æххæст кæнын. |
| 51. | Контролон куыст | | |

**Сæйраг домæнтæ 7-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**

– 7-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
– мивдисæджы здæхæнтæ æмæ афонтæ;
– миногми æмæ фæрссагми, сæ арæзт;
– фæрссагмион здæхт;
– фæрсдзырды нысаниуæг æмæ грамматикон æууæлтæ;
– æххуысгæнæг ныхасы хæйтты лексикон-грамматикон бæрæггæнæнтæ;
– разæвæрдтæ æмæ се ’мхуызон разæфтуантæ;
– бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады бæттæгтæ, сæ хæстæ;
– синонимон бæттæгтæ;
– æмхуызон дзырдтæй загъд ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ иртасын;
– алыхуызон ныхасы хæйттимæ баст цавды æгъдæуттæ;
– ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу лексикон-грамматикон хицæндзинæдтæ.

**Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:**

– дзырдты орфограммæты хуызтæ амонын æмæ раст кæнынмæ;

– аргъгæнæн-æнкъарæнджын, фæлгонцджын дзырдтæй тексты стиль æмæ жанрмæ гæсгæ пайда кæнынмæ;

– иу сæйраг уæнг (зæгъинаг) кæм вæййы, ахæм хуымæтæг хъуыдыйæдты мивдисæджы æнæцæсгомон формæтæ æмæ æнæцæсгомон мивдисджытæй пайда кæнынмæ;

– миногми номдар æмæ миногонæй иртасынмæ;

– фæрссагми æмæ фæрссагмион здæхтытимæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;

– хъуыдыйад фæрссагмион здæхтимæ синонимон домгæвазыгджын хъуыдыйадæй ивынмæ;

– фæсæвæрдтæ, хайыгтæ æмæ бæттæгтæ се ’мхуызон (омонимон) ныхасы хæйттæй хицæн кæнынмæ;

– хъуыдыйæдтæ хайыгтимæ раст кæсынмæ;

– синонимон бæттæгтæ кæрæдзийæ ивынмæ;

– диалогтæ, полилогты архайынмæ; этикетон ныхасæй пайда кæнынмæ;

– монолоджы алы хуызтæ аразынмæ;

– текст аразынмæ, йæ иу хай кæнæ текст æнæхъæнæй хи ныхæстæй дзурынмæ;

– диктант, изложени, сочинени фыссынмæ, адæймаджы бакасты, æрдзы æрфыст кæнынмæ; фыстæг, тексты конспект, газетмæ уацхъуыд, арфæйы гæххæтт, автобиографи, хъæйтары характеристикæ фыссынмæ;

– ныхасы хæйтты синтаксисон хæстæ бæрæг кæнынмæ;

– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ.